



## Gid pou Fomatè kap sèvi ak Postè pou Fòmasyon nouvo anplwaye yo sou Sekirite Alimantè

### Bitasyon/ Izin/ Depo enpòtasyon

Men pwen ki pi enpòtan nan kesyon sekirite alimantè a: Pouyo ka pwodwi mango, rekolte yo epi mete yo nan bwat, fòk TOUT anplwaye yo jwenn fòmasyon sou sekirite alimantè.

Postè fòmasyon ak fèy angajman sekirite alimantè pou nouvo anplwaye yo se de zouti fòmasyon yo dwe itilize lè yo aksepte anplwaye sa yo nan travay la. Zouti sa yo pa ranplase pwogram fòmasyon konplè yo bay nan Kit fòmasyon sou sekirite alimantè nan endistri mango a (an anglè Mango FSTK).

Nan postè a, gen 15 imaj oubyen foto ki reprezante sekirite alimantè. Yo dwe itilize yo pou fòme anplwaye yo lè yo aksepte yo nan djob la. Fèy angajman an gen yon ti deskripsyon tou kout pou chak foto ki nan postè a. Postè sa a ak fèy angajman an, yo fè yo pou lè yo anplwaye yon travayè, anvan l kòmanse travay nan bitasyon an. Pwogram fòmasyon sa, wap jwenn li en Panyòl, Anglè, Potigè epi an Kreyòl Ayisyen.

### Kijan pou yo itilize Postè fòmasyon nesèsè a ak fèy angajman sou sekirite alimantè a pou nouvo anplwaye yo:

1. Lè yo anplwaye yon travayè, moun ki anplwaye l la dwe montre l postè a.
2. Anplwaye a dwe gade imaj yo ki sou postè a epi fòmasyon a dwe li eksplikasyon sou tou lè 15 pati fèy angajman an ki nan postè a. Fòk li li eksplikasyon yo nan lang anplwaye a pale a.
3. Lè li fin koute eksplikasyon yo, anplwaye a dwe siyen fèy angajman an ki di ke li dakò li resevwa epi tande règ li dwe konnen sou sekirite alimantè pou pwodiksyon, rekòt oubyen mete mango nan bwat.
4. Yo dwe remèt anplwaye a yon kopi fèy angajman an epi yo dwe konsève original la nan achiv anplwaye sa a oubyen nan rejis fòmasyon antrepriz la.
5. Yo dwe konsève Postè sou fòmasyon nesèsè a pou yo ka itilize l ankò pou lòt sesyon fòmasyon.
6. Postè fòmasyon nesèsè sou sekirite alimantè yo, yo ka mete yo diferan kote nan konpayi a tou pou pèmèt anplwaye yo sonje règ sekirite alimantè yo.